# Өзбекстанның сырт мәмлекетлердеги елшилери Шоманай районында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2020-жыл 2-октябрь сәнесинде Қарақалпақстан Республикасына сапары даўамында инвестициялық жойбарлар ҳәм экспорт бойынша бир қанша тапсырмалар берилип, Қарақалпақстан Республикасының ҳәр бир аймақларына Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги елшилерин бириктирген еди.

Image not found or type unknown

Сол мүнәсибет пенен районның экономикалық потенциалын буннан былайда жақсылаў, ислеп шығарыў ҳәм экспорт тараўларын, инвестициялық жойбарларды жәнеде жеделлестириў мақсетинде Өзбекстан Республикасының сырт еллердеги елшилери Өзбекстанның Уллыбританиядағы Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы елшиси Рустамов Сайд Хуршидович, Өзбекстанның Кувейттеги Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы елшиси Аълоев Бахромжон Журабоевич, Өзбекстанның Бирлескен Араб Әмирликлериндеги Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы елшиси Ибрагимов Бахтиёр Бахадировичлар районымызда болып ислеп шығарыў кәрханалары менен ҳәм ири инвестициялық жойбарлар менен танысты.

Image not found or type unknown

Шоманай районы ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети.